

Sèvis Lit kont Vyolans nan Kay (Domestic Violence Services, DV)

OCFS kontwole pwogram lojman pou viktim DV (Vyolans nan Kay) yo, bay pwogram ak kontra DV yo asistans teknik gras ak Biwo Prevansyon Vyolans nan Kay (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) pou fòmasyon nan kad DV (Vyolans nan Kay) pou travayè ak sèvis pwoteksyon ak byennèt timoun yo nan distrik lokal yo.

Si ou oswa yon lòt moun ou konnen ta viktim vyolans domestik epi ou vle ede, kontakte yon sant ijans, oswa pou plis enfòmasyon, tanpri rele: Liy Dirèk Agresyon Seksyèl ak Vyolans nan Kay Eta New York la nan **1.800.942.6906** (Lang Anglè oswa Plizyè lòt Lang)

Si ou soud oswa ou tande di, rele **711**.

Sèvis pou Ameriken Endyen yo (Native American Services, NAS) -

OCFS ansanm ak ministè Edikasyon ak ministè sante an, reponn ak egzijans nèt nasyon tribi New York yo ak popilasyon tribi ki anndan ak deyò teritwa an atravè sèvis sosyal ak konsilasyon.

NAS sèvi antanke yon pon nan mitan ajans eta yo ak gwoup tribi yo. NAS sipèvizè depatman lokal sèvis sosyal yo ak Tribi St. Regis Mohawk la nan kad Konfòmite ak Lwa sou Byennèt Timoun Endyen yo (Indian Child Welfare Act Compliance).

Divizyon Devlopman Jèn ak Patenarya pou Sikse (Division of Youth Development and Partnerships for Success, YDAPS) -

Li sipèvizè finansman pou yon devlopman pozitif pou timoun ak jèn sou tout teritwa Eta New York la atravè biwo lameri pou lajènès ak sèvis pou jèn ki gen gwo risk oswa yo jije ki vin delenkan. YDAPS otorize epi kontwole tout sèvis lojman pou jèn ki sove kite lakay yo epi ki pa gen kay, sant ki tou pre lakay yo nan Vil New York la ak sant detansyon pou minè yo. Li sipèvizè finansman ak sèvis pou jèn ki pi gran yo nan fwaye akèy yo, tankou sipò edikatif, epi pou jèn ki gen risk sibi oswa se reskape trafik moun.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan: <https://ocfs.ny.gov/programs/youth/> oswa rele nan **518.474.9897**.

Si ou konnen yon jèn ki ap sibi trafik moun tanpri ekri yon mesaj imèl nan

humantrafficking@ocfs.ny.gov

Sant Fòmasyon pou Sèvis Imen (Human Services Training Center, HSTC) -

HSTC nan OCFS la ap kontwole yon sant fòmasyon ki mezire 97,000 pye kare pou pwofesyonèl sèvis imen sou tout teritwa eta an. Travayè sosyal nan konte an, sipèvizè asistans pou byennèt timoun, pwofesyonèl lajistis pou jèn yo, resposnab lisans gad timoun yo ak lòt manm pèsonèl yo ap resevwa fòmasyon ladan li.

HSTC OCFS la se sèlman dezyèm nan kategori pa li an nan nasyon an epi li tabli estanda pou entegrasyon teknoloji atravè fòmasyon yo. Fòmasyon an pi byen prepare pwofesyonèl yo pou yo travay nan domèn yo an.

Chak moun pral resevwa fòmasyon ki aplike pi bon pratik nan sektè an ki kapab ranfòse konfyans yo, gen yon enpak sou sikse yo, fè pwomosyon pou satisfaksyon nan karyè yo epi enfluyans nan yon fason pozitif konsèvasyon anplwaye yo nan konte yo, ajans san pwofi yo ak lòt patwon yo.

HSTC an gen fòmasyon nan klas, laboratwa enfòmasyon, aprantisaj a distans ak senk sal similasyon ki modèn anpil. Plis pase 2500 apranti te patisipe nan 487 livrezon 170 kou diferan, epi gen plizyè nan yo ki te fèt pandan plizyè jou, sa ki vin lakòz gen 26000 jou estaj nan lane 2019 la. Nou planifye gen plis jou estaj nan ane ki ap vini yo.

Komisyon pou Moun Avèg nan Eta New York la (NYS Commission for the Blind, NYSCB) -

NYSCB founi sèvis reyabilitasyon bay abitan New York nan tout laj ki avèg pou ede yo jwenn travay, patisipe totalman nan sosyete an epi rive atenn endepandans pèsonèl yo.

Sèvis sa yo gen ladan yo konsèy, kapasite pwofesyonèl, fòmasyon ak plasman, fòmasyon sou kapasite pou bouje, ekipman adaptasyon, kapasite vi otònòm ak lòt ankò. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele nan:

1.866.871.3000



Office of Children and Family Services

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, New York 12144

Ale sou sit entènèt nou nan:
ocfs.ny.gov

Si ou gen enkyetid konsènan yon founisè sèvis gadri, rele Liy Pou Pote Plent pou Gadri a nan: **1.800.732.5207**

Pou enfòmasyon konsènan plasman nan fanmi ak adopsyon, rele: **1.800.345.KIDS (5437)**

Pou rapòte abi ak move tretman sou timoun, rele: **1.800.342.3720**

Pou enfòmasyon sou Lwa Pwoteksyon Tibebe Abandone yo, rele: **1.866.505.SAFE (7233)**

Pou jwenn nimewo telefòn Liy Éd Sèvis Adilt la, rele nan: **1.844.697.3505**

Si ou soud oswa si ou mal pou tande, rele founisè Sistèm Relè nan Videyo epi mande pou yo konekte ou avèk nimewo telefòn ou vle rele a.

Ann akò ak Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la, Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la ap mete materyèl sa disponib sou demand sou yon fòm adapte.

Pub. 4601-HC (Rev. 09/2021)



Office of Children and Family Services

Prezantasyon Ajans lan

Pwogram ak Sèvis



"... ankouraje sekirite, pèmanans, ak byennèt timoun nou yo, fanmi yo, ak kominote yo..."

Ale sou sit entènèt nou nan: ocfs.ny.gov

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) - OCFS founi sèvis pwoteksyon pou timoun, fanmi ak granmoun ki vilnerab, Ameriken Endyen yo; moun avèg yo; ak viktim vyolans nan kay yo.

Ajans lan founi sèvis prevansyon pou soulaje estrès nan kay ki kapab reprezante yon danje pou abitan New York sa yo.

OCFS responsab anviwon 1500 jèn delenkan ak agresè (sa ki gen ladan li 650 jèn anndan sant plasman li yo) fanmi yo oswa tribinal kriminèl plase anba gad OCFS.

Epi tou, OCFS ap jere Sèvis Adopsyon Eta New York la, kontwole ajans ak sant ki angaje nan founi plasman nan fanmi akèy yo, epi travay ak gouvènman lokal yo ki ap jere pwogram devlopman pou jèn yo.

OCFS ap kontwole 17000 pwogram gadri timoun nan eta New York la ak 23000 founisè lalwa otorize.

Biwo rejyonal OCFS yo ede nan sipèvizè pwogram gadri pou timoun yo, depatman lokal sèvis sosyal yo ak ajans volontè ki ranpli misyon ajans lan.

OCFS gen plis pase 3300 anplwaye ki ap travay nan 28 konte sou tout teritwa eta an nan plis pase 100 sit, ki genyen ladan yo senk awondisman vil New York la, epi ki gen yon bidjè ki depase 3,6 milya dola.

Pou jwenn asistans jeneral oswa enfòmasyon piblik sou OCFS, tanpri rele nan:

518.473.7793 oswa ale sou sitwèb nou an: **ocfs.ny.gov/main/**

Healthy Families New York - Founi sèvis a domisil bay paran ki a risk yo depi nan kòmansman gwoès la oswa yon ti tan apre timoun nan fèt jiska laj 5 lane.

Pwogram lan te kreye pou amelyore rezilta nesans yo, fè pwomosyon devlopman sante pou timoun, amelyore entèyaksyon nan mitan paran ak timoun, diminye abi ak neglijan sou timoun epi favorize otonomi paran yo.

Biwo Sèvis Pèmanans (Bureau of Permanency Services) - Adopsyon responsab otorizasyon ajans volontè ki ap òganize adopsyon timoun nan Eta New York la, nan Interstate Compact on the Placement of Children (ki pwoteje timoun ki plase nan fanmi akèy oswa nan kad yon adopsyon), nan Adoption Album (lis foto timoun ki ap tann yo adopte yo epi plase nan fanmi akèy), egzamine demann ak sibvansyon pou adopsyon, nan jesyon Putative Father Registry (yon rejis konfidansyèl papa timoun ki fèt andeyò maryaj), epi nan Kinship Guardianship Assistance Program (KinGAP) ak sèvis plasman nan fwaye akèy.

Pou plis enfòmasyon sou adopsyon oswa plasman nan fwaye akèy, kontakte Biwo Sèvis Pèmanans New York la nan **1.800.345.KIDS (5437)**.

Biwo Sèvis pou Granmoun (Bureau of Adult Services, APS) -

Biwo Sèvis pou Granmoun lan ap sipèvizè inite Sèvis Pwoteksyon Granmoun yo nan konte an ki ap sèvi granmoun ki vilnerab epi travay pou pwoteje sa ki gen risk sibi agresyon.

APS ede granmoun andikape ki gen 18 lane oswa plis ki te sibi abi, neglijan oswa eksplwatasyon, epi sa ki ap neglije bezwen pa yo.

Sipò APS la pèmèt granmoun ki andikape yo viv nòmalman nan kominote an.

OCFS otorize epi asire sipèvizyon pou pwogram Family Type Home for Adults la, yon etablisman rezidansyèl alontèm ki entegre nan kominote an pou granmoun ki pa otonòm.

Divizyon Sèvis Gadri (Division of Child Care Services) –

Child Care kontwole, otorize, sipèvizè epi asire sipèvizyon pwogram gadri pou timoun yo nan eta New York la, sof gadri ki nan Vil New York la.

OCFS finanse pwogram Advantage After School ak Empire State After School yo, li finanse resous gadri yo ak ajans oryantasyon yo ansanm ak lòt òganizasyon yo pou amelyore kalite gadri yo epi li sibvansyon gadri yo pou asistans piblik ak fanmi ki gen revni ki ba yo. Epitou, ajans lan kenbe yon repètwa pwogram gadri yo an gwoup ki jwenn otorizasyon OCFS sou sit entènèt li an ajou, sa ki bay yon aksè piblik imedya legalman nan enfòmasyon sou lokalizasyon ak bilan pwogram sa yo.

Rejis Santral pou Abi ak Move Tretman sou Timoun nan Tout Eta an (Statewide Central Register of Child Abuse and Maltreatment, SCR) - Liy asistans telefonik nan kad abi sou timoun 24/24 epi 7/7 sa resevwa anviwon 350000 apèl telefòn pwofesyonèl ki otorize oswa popilasyon an fè pou pote plent konsènan abi, neglijan oswa move tretman sou timoun. Sèvis pwoteksyon timoun yo nan konte an ap ankete sou plent sa yo.

Si ou sispèk yon timoun te sibi oswa gen risk pou sibi agresyon, tanpri rele nan **1.800.342.3720** pou siyale sa ou te wè oswa tande yo. Si w kwè timoun lan nan yon danje ki pa ka rete tann, rele nan 911 oswa komisarya polis ki pi pre w la touswit.

Fanmi Akèy - OCFS founi enfòmasyon konplè sou sistèm fanmi akèy nan Eta New York la ak bezwen timoun ki pa baze nan fanmi yo pou yon tan yo genyen. Resous ak piblikasyon nou yo, an Anglè, Panyòl ak lòt lang, founi enfòmasyon adisyonèl sou kijan pou ou vin yon paran adoptif.

Nou dwe toujou rete vijilan pou bay pitit nou yo pi bon swen ak sipò yo, pandan nou ap pote pèmanans ak estabilite nan lavi yo. Pou plis enfòmasyon sou fwaye akèy, tanpri rele nan **1.800.345.KIDS (5437)** oswa kontakte yon biwo rejyonal ki tou pre w la.

Divizyon Jistis Jivenil ak Opòtinite pou Jèn yo (Division of Juvenile Justice and Opportunities for Youth) - OCFS ap jere pwogram lojamn sekirize, sekirize limite epi ki pa sekirize yo pou timoun tribinal fanmi oswa kriminèl jije yo.

New York kontinye nan transfòmè sistèm jistis pou jèn li an epi li envesti nan pwogram kominotè nan objektif pou amelyore rezilta pou timoun yo pandan li ap kenbe sekirite nan mitan popilasyon an.

OCFS angaje nan transfòmè pwogram plasman rezidansyèl la sòti nan yon modèl pinisyon pou korije ale nan yon sistèm terapi ki baze sou prèv epi ki pran an kont twomatis yo epi nan amelyore pwogram edikatif, sante mantal ak pwogram lit kont konsomasyon dwòg yo pou rezidan yo.

Sant Apèl pou Sèvis Imen (Human Services Call Center, HSCC) -

HSCC OCFS la se yon operasyon ki santre sou kliyan ki angaje li nan founi sèvis konsistan epi bon kalite bay 1,2 milyon abitan New York chak ane.

Pandan yo ap jere apèl, imèl ak mesaj tèks nan non 10 ajans nan Eta New York la, pèsònèl HSCC yo se ekspè nan ede abitan New York yo ak yon douzèn sèvis, tankou

- aplike pou avantaj SNAP ak HEAP yo;
- jwenn yon kopi ak nesans, maryaj oswa desè;
- aplike pou avantaj frè etid;
- asistans nan deklarasyon reklamasyon travayè oswa odyans;
- itilize pwogram Konje Peye Familyal Gouvènè an;
- kijan pou opere yon gadri timoun ki gen lisans nan Eta New York la;
- aplike pou vin yon espesyalis nan domèn lit kont alkòl ak konsomasyon dwòg;
- resevwa sèvis nan men Biwo Moun ki soufri Twoub Devlopman yo (Office for People with Developmental Disabilities); epi
- ede viktim krim yo nan reklamasyon yo.

Sant pou Jistis nan kad Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal yo (**Justice Center for the Protection of People with Special Needs**) - Si ou sispèk yon timoun te sibi oswa gen risk pou sibi agresyon nan yon etablisman enstitisyon, tanpri rele sant pou Jistis la pou siyale abi yo nan **1.855.373.2122**.